



**PENILAIAN AKHIR TAHUN
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2022 / 2023**

**Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : 6 (Enam)**

**Hari / Tanggal : Sabtu, 8 April 2023
Waktu : 10.00 - 11.00**

I. Tulisen salah siji jawaban a,b,c,utawa d sing ko anggep paling benar ing wadiah sing wes disediakake!

1. Bahasane pidhato resmi tuladha sing bener yaiku ...
 - a. dulur dulur kabeh wis ndang gek dha urunan
 - b. bocah-bocah sekolah kudu dhisiplin sinau
 - c. cah cah cilik ra oleh dolanan neng njero kelas
 - d. wis gah aku nerusne pidhatoku, ra enek sing ngrungokne
2. Pidhato sing bisa nengsemake sing dipidhatoni becike
 - a. maca naskah pidhato
 - b. ngapalne kabeh sing wis ditulis
 - c. ngembangake cengkorongan.
 - d. sing penting wani omong
3. Kancaku kabeh, sawise ngrungokake pidhatoku iki mau, aku pengin kancaku kabeh sregep sinau lan duwegegayuhan sing dhuwur. Ukara ing ndhuwur kalebu perangan pidhato sing arane
 - a. bebuka pidhato
 - b. dudutan pidhato
 - c. wasana pidhato
 - d. pangajab
4. Makaten ingkang saget kula aturaken mbokbilih wonten sisip sembiripun tetembungan kula, kula nyuwun agungipun pangapunten ingkang mawantu-wantu
Cuplikan pidhato iki ing perangan pidhato diarani.
 - a. isi pidhato
 - b. dudutan pidhato
 - c. wasana pidhato
 - d. salam panutup
5. Cengkorongan pidhato becike digawe nalika....
 - a. bareng karo pidhato
 - b. sadurunge pidhato
 - c. sabubare pidhato
 - d. ditakokake dhisik
6. Salah sijine pidhato ora resmi yakuwi....
 - a. pidhato nglumpukake warga RT
 - b. pidhato ing upacara dina Senin
 - c. pidhato ngresmekake gedhung sekolah
 - d. pidhato presiden tanggal 17 Agustus
7. Yen mulih sekolah mlaku dhewe. Dadak ing dalan dheweke nemu dompet. Dheweke ora wani mbukak dhompot kuwi. Bareng teka omah diwenehne wong tuwane Dhompote isi dhuwit rada akeh. Bareng dijupuk KTP ne, lagi ngerti alamat sing duwe Dhompot dibalekake marang sing duwe. Yeyen lan bapake diwenehi sangurongatus ewu rupiah. Ukara utamane paragraf iki yaiku..
 - a. Yen mulih sekolah mlaku dhewe.
 - b. Ing dalan dheweke nemu dompet ing dalan.
 - c. Dheweke ora wani mbukak dhompot kuwi.
 - d. Bareng teka omah diwenehne wong tuwane.

8. Gatena tembang dolanan ing ngisor iki!
- Aku duwe pitik, pitik tukang
 Saben dina takpakani jagung
 Petok gogok petok
 Ngendhog wolu taktetesne netes pitu.
 Kabeh trondhol tanpa wulu
 Megal-megol gawe guyu
 Isine tembang ing ndhuwur yaiku.
- a. Ngingu pitik yen sregep dipakani asile bakal akeh
 - b. Pitik yen saben dina dipakani bakal ngendhog
 - c. Endhog pitik yen ditetesne bakal dadi kuthuk
 - d. Pitik mentas netes mesthi trondhol tanpa wulu.
9. "Ya wis ben, baya sing ora ngerti ditulung ben mati kebrukan uwit. Jenenge ora bisa males bebuden becik pangajake Kancil Kebo matur suwun banget marang kancil " sing nulungi dheweke. Dene Baya sing cilaka bengok-bengok njaluk tulung, jalaran awake kebrukan wit gedhe. Baya ora bisa ngalih. Isine pokok paragraf iki yaiku.
- a. Kancil ditulungi dening Kebo merga arep dipangan Baya
 - b. Baya kebrukan wit jalaran piwalese Kebo lan Kancil.
 - c. Kebo matur suwun marang kancil merga ditulungi.
 - d. Baya lan Kebo arep nulungi Kancil sing kebrukan wit
10. Wayang, manut Dr Guntur, mujudake prestasi puncak seni budaya Indonesia. Kepara wayang dening kabudayan donya UNESCO ing tanggal 7 November 2003, diakoni minangka warisan budaya donya. Saka kedadean gedhe kasebut, ISI Surakarta nuli ada-ada ndadekake tanggal 7 November dadi dina wayang sadonya. Isine pawarta iki yaiku....
- a. Kabudayan sadonya jenenge UNESCO.
 - b. Wayang diakoni warisan budaya sadonya.
 - c. Tanggal 7 November dadi dina wayang sadonya.
 - d. Dina wayang sadonya kapethik keputusane UNESCO.
11. Wacanen cuplikan geguritan iki!
- Aku lebur minggir
 Dadi wedhi pesisir
 Mung kari pucuking ilatmu
 Ndilat aku kalane kasepen*
- Apa sing dimaksudake pucuking ilatmu ing geguritan iki?
- a. wedhi pesisir sing minggir
 - b. pucuking gegodhongan kang rubuh
 - c. ilate pengarang kang lebur
 - d. pucuking banyu ombak
12. Ndilat aku kalane kasepen. Kalane padha tegese karo.....
- a. wiwitane
 - b. sawise
 - c. nalikane
 - d. sabubare
13. Pak Samsu: "Win, bapakmu mengko diaturi genduren ing omahku ya."
 Erwin : "Ngapunten, bapak... dhateng Surabaya."
 Tembung sing bener kanggo ngganepi pacelathon ing ndhuwur yaiku....
- a. tasih sare
 - b. tasih tindak
 - c. boten wonten
 - d. kinten-kinten

14. Bareng dhuwite Mila sing ilang ing dalan ditemu Inas banjur diwenehake sanalika padhang pikire.
Padhang pikire tegese....
a. marem banget
b. nesu banget
c. ora percaya
d. ora perduli

Tembang kanggo nomer 14 lan 15.

Putri Cina gelangsaran kawlas asih
Mara kelaswara
Pedhangen juren wak mami
Aja andedawa wirang

15. Tembang macapat ing ndhuwur diarani
a. Dhandhanggula
b. Kinanthi
c. Maskumambang
d. Pangkur
16. Gatra katelu tembang ing ndhuwur duwe guru wilangan cacahé....
a. 6
b. 8
c. 10
d. 12

17. ***Bapak pucung***
renteng-renteng kaya kalung
Dawa kaya ula
Pencokanmu wesi miring
Yen lumampah si pucung ngumbar swara
Batangane tembang pucung iki yaiku.....
a. gajah
b. pudun
c. sepur
d. ombak segara

18. Dumadakan udan deres, aku ora nggawa mantel. Aku langsung minggir banjur ngiyup ing perko.
Dakenteni nganti udane terang.
Tembung camboran tugel sing ana ukara iki yaiku....
a. perko
b. dumadakan
c. ngiyup
d. dakenteni

19. Kadhang... Pak Tino tilik omahku supaya raket pasedulurane. Supaya dadi tembung saroja, tembung kadhang kudu dipasang nganggo tembung ...
a. konang
b. kala
c. sedulur
d. kadhang

20. Pangkur
Jirak pindha munggwing wana
Sayeng kaga we rekta kang muroni

*Sinambi kalaning nganggur
Wastra tumrap mustaka
Pangiketing wangsalan sekar pangkur
Baon sabin ing nawala
Kinarya langen pribadi*

Cacahe guru gatra tembang pangkur ana...

- a. 6
- b. 7
- c. 8
- d. 9

21. Ing satengahe dalan, wong sakloron kepethuk Raden Arjuna. Sawise takon tinakon, Begawan Jayawilapa ngerti yen panengahe Pandhawa, banjur njaluk tulung. Raden Arjuna sing kondhang sekti mandraguna dijaluki tulung supaya mateni Kala Pulandara Geni. Yen Arjuna bisa nyirnakake raja buta kuwi bakal diganjar Dewi Ulupi. Raden Arjuna sanggup nulungi wong sakloron.

Cuplikan crita pewayangan iki duwe pitutur....

- a. Yen kepethuk wong ing dalan kudu takon tinakon.
- b. Njaluk tulung kuwi bisa marang wong saktemune.
- c. Yen ana wong nyuwun tulung kudune ditulungi.
- d. Nulungi wong liya kuwi kudu ana pituwase.

22. Erna ngajak Marti menyang toko piranti sekolah. Erna sing arep tuku pulpen. Nganti suwe Erna olehe milih. Dadak sadurunge dibayar Erna wis nglebokake pulpen. Bakule bali ngetung dagangane. Bakule menyang sekolahan nglaporake Erna lan Marti yen nyolong pulpen. Marti sing ora ngerti uga diarani nyolong pulpen. Nasibe Marti diparibasakake....

- a. Angon ulat ngumbar tangan.
- b. Ora mangan nangkane gupak pulute.
- c. Eman-eman ora keduman.
- d. Enggon welut didoli udhet.

Tembang kanggo nomer 22, 23,

Pangkur

Yo pra kanca anindakna
Pitutur kang kebak tepa palupi
Mituhu pitutur guru
Ngabekti ibu bapa
Marang kanca kudu tansah guyub rukun
Aja tumindak kang ala
Murih tentrem lahir batin

23. Tembang ing ndhuwur watake ...

- a. sembrana
- b. sedih
- c. guyub
- d. seneng

24. Murih tentrem lahir batin. Tentrem kosok baline....

- a. ayem
- b. tukaran
- c. goreh
- d. rukun

25.

Sinom

Wewangsalan roning kamal

Pra anom den ngati-ati

Wreksa kang pinetha janma

Golek kawruh kang sejati

Kolik priya upami

Anganggoa reh kang tuhu

Kalpika pasren karna

Awya tinggal miwah lali pariwisata

Guru wilangan lan guru lagune tembang ndhuwur yaiku....

- a. 8a, 81, 8a, 81, 71, 8u, 7a, 12a
- b. 12a, 71, 6a, 7a, 81, 5a, 71
- c. 8a, 111, 8u, 7a, 12u, 8a, 81
- d. 8, 8a, 8e, 8a, 7a, 8u, 8a

26. Ibune Ranti pancen emban oyot emban cindhe, Ranti ditukokake klambi anyar, nanging adhine mung diwenahi lungsurane Ranti.

Emban oyot emban cindhe tegese ...

- a. sing sijine diakon tansah manut
- b. siji karo sijine tansah dibedak-bedakake
- c. sijine luwih apik liyane kudu nrima
- d. sing cilik kudu nrima pawewehe ibu

27. Yudi mulih sekolah mlaku. Dalane liwat bulak sawah Srengengene mendhung, panase Pepindhan sing bener kanggo ngganepi ukara iki yaiku ..

- a. panas banget
- b. kaya banyu umob
- c. kaya mecahne gundhul
- d. kaya kapuk diwusoni

28. Tibane mengisor nanging sing digoleki ing ndhuwur Cangkriman ing ndhuwur batangane

- a. gentheng trocoh
- b. adhike tiba
- c. kambil ceblok
- d. kates ceblok

29. Cangkriman: Yen dikethok malah...

Batangane : clana.

Ganepe cangkriman ing ndhuwur yaiku...

- a. cendhak
- b. dawa
- c. dhuwur
- d. entek

30. Sawijining cangkriman, badhean utawa batangane nanas. Cangkrimane sing bene yaiku....

- a. pitik kate saba sawah
- b. pitik kate saba kebon
- c. pitik walik saba meja
- d. pitik walik saba kebon

31. Ananta mentas ngoyak layangan pedhot ing sawah.

Ukara iki yen didadekakae ukara tanggap dadine....

- a. Layangan mentas dioyak Ananta pedhot ing sawah.

- b. Layangan pedhot mentas dioyak Ananta ing sawah.
- c. Layangan pedhot ing sawah mentas dioyak Ananta.
- d. Layangan pedhot ing sawah dioyak Ananta mentas.

Wacan kanggo nomer 32 lan 33.

Pangeran Diponegoro ngedegake pertahanan ing Selarong, adoh saka Tegalrejo Ing papan iki Pangeran Diponegoro nyusun kekuwatan kanggo nggempur penjajah Walanda. Kanthi taktik perang gerilya. Walanda dadi angel ngalahake pasukan Pangeran Diponegoro. Perang gerilya sing manggone tansah pindhah-pindhah, gawe pasukan Pangeran Diponegoro tansah menang ing pirang-pirang panggonan.

32. Ukarané baku paragraf iki yaiku
- a. Pangeran Diponegoro ngedegake pertahanan ing Selarong.
 - b. Selarong, adoh saka Tegalrejo.
 - c. Pangeran Diponegoro nyusun kekuwatan kanggo nggempur penjajah Walanda.
 - d. Perang gerilya sing manggone tansah pindhah-pindhah.
33. Pitakon Wangsulane: Kanthi taktik perang gerilya.
- Pitakon sing bener kanggo wangsulan kasebut yaiku....
- a. Ing ngendi Pangeran Diponegoro ngedegake pertahanan?
 - b. Nyangapa Pangeran Diponegoro mungsuhi Walanda?
 - c. Kepriye taktik Pangeran Diponegoro nggempur Walanda?
 - d. Nyangapa Pangeran Diponegoro nganggo taktik perang gerilya?
34. Pambukake pidhato sing bener yaiku.
- a. Puji syukur dakaturake marang Gusti Kang Maha Agung, sing wis paring kanugrahan marang aku lan kanca kabeh.
 - b. Cukup samene dhisik sing bisa dakwedharake marang kanca kabeh yen ana klirune aku nyuwun ngapura.
 - c. Ayo kanca kabeh padha sregep sinau supaya pinter
 - d. Kanca-kanca sing daktresnani sinau kuwi penting banget kanggo bocah sekolah.
35. Yesi, aku jane pengin banget ketemu, nanging omahmu saiki adoh banget. Sing kudune dolan menyang Blitar awakmu, lo Yes. Jalaran awakmu bakal sanja sedulurmu ing Blitar. Muga-muga wong tuwamu ngajak dolan menyang Blitar maneh.
- Wasanane layang pribadi iki sing mathuk.
- a. Wis ya, Yes. Aku ngantuk banget, saiki arep turu. Sesuk disambung maneh.
 - b. Kapan-kapan layangku balesana supaya tansah eling.
 - c. Semene dhisik, ya Yes kabar saka aku sesuk disambung maneh.
 - d. Samene dhisik panyuntake atiku, dakenteni mulihmu utawa balesanmu

36. Aksara Jawa iki yen ditulis Latin dadine....

ꦲꦩꦏꦸꦭꦤ꧀ꦩꦁꦠꦺꦁꦭꦶꦁꦩꦁꦒꦶꦱ

- b. Omahku ing dalan manggis
- c. Omahku ing jalan kates
- d. Omahku ing jalan manggis.

37. Tembang macapat iku cacahé ana ...

- a. sanga
- b. sepuluh
- c. sewelas
- d. rolas

38. Tembang macapat kang dumadi saka 5 gatra yaiku ...

- a. Maskumambang lan Pocung
- b. Megatruh lan Gambuh
- c. Durma lan Kinanthi

d. Pangkur lan Asmarandana

39. Sing miwiti pangripta tambang yaiku ...

- a. para sunan wali sanga
- b. Raja Majapahit
- c. Sultan Agung
- d. Paku Buwono

40. Fase iki manungsa wis wayahe ngudi anggane cedhak karo Gusti Allah ,nyuda utawa nyingkur perkara kadonyan .Digambarake ing tembang ...

- a Kinanthi
- b Asmarandana
- c. Pangkur
- d. Durma

41. Jabang Bayi mijil saka guwa garbane ibu .Tegese tembung mijil ing ukara kasebut ...

- a. metu
- b. lewat
- c. mampir
- d. lair

42 

ukara ing sisih iku unine ...

- a Anak sapine ing kandang pinggir ratan
- b Anake Sapi belang - belang lan blongor-blongor
- c Anake sapi ana sing lanang lan ana sing wadon
- d Anak sapinene lagi turu angler

43 

Ukara ing sisih iki unine

- a Semar mendem
- b Semar mesem
- c Bapa semar
- d Semar bapake gareng

44 Jupuk lan ngirim duwet ora usah antri ing ngarepe petugas bank ,cukup nganggo kartu ATM, wis bisa nindakake jupuk lan ngirim dhuwit kanthi cepet. ATM singkatan saka ...

- a Alat Tunai Mandiri
- b. Anjungan Tunai Mandiri
- c. Alat Tarik Mudah
- d. Alat Tukar Menukar

45. Wingi bengi Dargo kecekel lan di tahan ning kantor polisi gara-gara njupuk HP ne kancane tanpa taren .Pak Nasib bapake Dargo melu therak therek ngurusi anake ning kantor polisi.Kaya ngene iki paribasane ...

- a. anak polah bapa obah
- b. anak polah bapa kepradah
- c. polahe anak padha karo bapak
- d. anak polahe malah-malah

46. Nganggo busana pantese prasaja ngadeg jejeg migunakake basa alus,sopan,lan gampang dimengerti pandulune rata marang audien iku mujudake ...pidhato

- a. persiapan
- b. ancas/tujuan
- c. etika
- d. cengkorongan

47. Atur syukur lan atur pakurmatan iku kalebu ...pidhato
- pambuka
 - isi utawa surasa
 - panutup
 - salam panutup
48. *Bapak pocungkedhul-kedhul tekan mendhung
Ngambah jumantara
Asal saka crobong wesi
Yen kalantur bisa dadi tuk bebaya*
Cangkriman ing dhuwur batanganane ...
- Wong ngrokok
 - Keluk pabrik
 - Kenalpot
 - Omah kobong
49. Tuladha ing ngisor iki sing diarani pangkat yaiku ...
- ㄱ
 - ||
 - :
 - \
50. Omah iku dibangun tahun 1989. Tahun 1989 yen ditulis nganggo aksara angka jawa yaiku ...
- ᮊᮧᮒ᮪ᮓ ᮕᮘᮔᮨᮐᮢᮥᮀ
 - ᮊᮧᮒ᮪ᮓ ᮕᮘᮔᮨᮐᮢᮥᮀ
 - ᮊᮧᮒ᮪ᮓ ᮕᮘᮔᮨᮐᮢᮥᮀ
 - ᮊᮧᮒ᮪ᮓ ᮕᮘᮔᮨᮐᮢᮥᮀ: